

## **Endikatè Kalite Operasyonèl pou Resansman 2020 an: Piblikasyon 2**

Nan jou 28 Me 2021 an, Biwo Resansman Etazini an pibliye yon dezyèm seri endikatè kalite operasyonèl pou resansman 2020 an. Endikatè kalite operasyonèl founi enfòmasyon enpòtan sou kalite resansman an, nan gade kijan Biwo Resansman an te fè pou l resevwa repons pou chak adrès.

Biwo Resansman an founi endikatè pou fwaye kay ki gen yon sèl moun ak kay ki gen de moun ladan yo jan operasyon resansman an ki te resevwa repons yo a te kategorize yo (tankou repons lib, Swit pou Moun ki pa te Reponn, lòt operasyon resansman, oswa apati sa k soti nan enpitasyon konte), epi pousantaj inite lojman ki gen moun ladan yo ak sa ki vid selon operasyon resansman.

Endikatè sa yo ka sèvi pou yo egzamine kijan koleksyon done yo te petèt diferan selon kantite moun ki te gen nan kay la. Menm jan nan premye seri endikatè kalite operasyonèl yo, li enpòtan pou nou sonje si n wè yon diferans pami endikatè sa yo, swa atravè de deseni yo oswa pami eta (states) yo, sa pa oblije vle di youn pi bon ou pi mal, men sa se enfòmasyon k ap itil nou pandan n ap kontinye egzamine operasyon resansman yo.

W ap jwenn endikatè yo nan yon [tablo entèaktif](#) (an Anglè) ak yon [tablo telechajab](#) (an Anglè).

Blòg Biwo Resansman an [Endikatè Kalite Operasyonèl pou Resansman 2020 an: Piblikasyon 2](#) (an Anglè) founi plis enfòmasyon ak eleman kle nan endikatè yo. Pa egzanp, selon sa blòg la eksplike, endikatè yo montre nou fason Biwo Resansman an kolekte enfòmasyon pou fwaye kay tout kantite se menm jan ak Resansman 2010 la, epi inifòmite sa a fè nou konprann kalite yo konparab.